Haitian Creole Edition

Grade 8 Mathematics Test, Book 1

March 9–13, 2009

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 1

Ane **8**

9–13 mas 2009

21319-H

Developed and published under contract with the New York State Education Department by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2009 by the New York State Education Department. Permission is hereby granted for school administrators and educators to reproduce these materials, located online at http://www.emsc.nysed.gov/osa, in the quantities necessary for their school's use, but not for sale, provided copyright notices are retained as they appear in these publications. This permission does not apply to distribution of these materials, electronically or by other means, other than for school use.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.

Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

Egzanp A

Ki fòm chak baz yon silend?

A sèk

B rektang

C triyang

D kare

Egzanp B

Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki sipèfisi rektang ki anba a, an santimèt kare?

A 15

B 17

C 30

D 34

RETE LA

1 Ki ekspresyon ki ekivalan a $14a - 4a + 5a - 3a$?

A $2a$

B $8a$

C $12a$

D $20a$

2 Nan chema ki pi ba a, dwat *s* paralèl a dwat *t*, e dwat *r* se yon dwat sekant.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle x$?

A 158°

B 112°

C 68°

D 22°

Kontinye

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

3 Ki segman dwat ki reprezante ipoteniz triyang rektang ABC?



[pa trase selon echèl la]

A $\overline{AB}$

B $\overline{AC}$

C $\overline{AD}$

D $\overline{BC}$

4 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$10^3 \times 10^{-7}$$

A 10^4

B 10^{10}

C 10^{-4}

D 10^{-21}

■ **SECURE MATERIAL** ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

5 Nan chema ki anba a, dwat *m* ak dwat *n* paralèl, epi dwat *p* se yon dwat sekant.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle x$?

A 35°

B 55°

C 125°

D 215°

6 Rezoud ekwasyon ki anba a, pou jwenn valè *x*.

$$2(6 + 2x) = 8x$$

A $x = 1$

B $x = 2$

C $x = 3$

D $x = 6$

Kontinye

■ **SECURE MATERIAL** ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

7 John te trase graf ki anba a pou reprezante yon sitiyasyon.



Ki deklarasyon ki ka dekri sitiyasyon John reprezante nan graf la?

A Tanperati yon pitza jele k ap kwit nan yon fou ogmante a 5 degre chak minit.

B Tanperati yon pitza jele k ap kwit nan yon fou ogmante a 10 degre chak minit.

C Tanperati yon pitza jele k ap kwit nan yon fou ogmante a 15 degre chak minit.

D Tanperati yon pitza jele k ap kwit nan yon fou ogmante a 20 degre chak minit.

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

8 Nan triyang ABC ki anba a, $\angle ACB$ se yon ang dwa. Si longè $\overline{AC}$ se 8 santimèt e longè $\overline{AB}$ se 10 santimèt, ki longè $\overline{BC}$, an santimèt?



[pa trase selon echèl la]

$$c^2 = a^2 + b^2$$

A 2

B 4

C 5

D 6

Kontinye

9 Nan chema ki anba a, $\overleftrightarrow{JK}$ paralèl ak $\overleftrightarrow{LM}$ e dwat *n* se yon dwat sekant.



[pa trase selon echèl la]

Kilès nan de ang yo ki dwe kongriyan a $\angle 4$ nan chema a?

A $\angle 1$ ak $\angle 2$

B $\angle 1$ ak $\angle 6$

C $\angle 2$ ak $\angle 7$

D $\angle 6$ ak $\angle 7$

10 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$3xy(9xy + 14x)$$

A $27xy + 42x$

B $9xy + 42x^2y$

C $27x^2y^2 + 14x$

D $27x^2y^2 + 42x^2y$

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents
until end of designated makeup schedule.

11 Ki sitiyasyon ki pi byen reprezante nan graf ki pi ba a?



A wotè yon timoun ki gen ant laj dizan a kenzan

B volim yon balon pandan y ap mete van ladann

C kantite gazolin nan yon tank oto pandan yon vwayaj senk èdtan

D volim dlo nan yon pisin pandan y ap plen l

12 Pri dine Cynthia se $15,20. Li kite yon poubwa ki reprezante 15% pri dine a. Ki **pi bon** estimasyon pou kantite lajan poubwa a?

A $1,00

B $2,00

C $3,00

D $4,00

Kontinye

13 Nan chema ki pi ba a, dwat *a* paralèl a dwat *b*, e dwat *r* se yon dwat sekant. Ki pè ang ki dwe gen menm mezi?



[pa trase selon echèl la]

A $\angle 1$ ak $\angle 6$

B $\angle 1$ ak $\angle 7$

C $\angle 2$ ak $\angle 7$

D $\angle 3$ ak $\angle 5$

14 Ki ekspresyon vèbal ki menm ak $\frac{n}{2} + 6$?

A de pliske mwatye sis

B sis pliske mwatye yon nonb

C total yon nonb ak de plis sis

D sis pliske pwodui yon nonb ak de

■ **SECURE MATERIAL** ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

15 Nan chema ki anba a, dwat *m* entèsekte dwat *n*. Ki pè ang ki dwe kongriyan?



[pa trase selon echèl la]

A $\angle 1$ ak $\angle 3$

B $\angle 1$ ak $\angle 5$

C $\angle 2$ ak $\angle 3$

D $\angle 3$ ak $\angle 5$

16 Kisa $3m^3 + 6m^2$ divize pa $3m$ *bay*?

A $m^2 + 6m^2$

B $m^2 + 2m$

C $3m^2 + 6m$

D $m^3 + 2m^2$

Kontinye

17 Mezi $\angle 1$ nan chema ki anba a se 113°.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle 4$?

A 67°

B 77°

C 113°

D 203°

■ **SECURE MATERIAL** ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

18 Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki **pi bon estimasyon** sou wout ki pi dirèk la ant Red Bank ak Randaville?

ECHÈL
1 cm = 10 km



A 7 kilomèt

B 9 kilomèt

C 70 kilomèt

D 90 kilomèt

Kontinye

19 Alisa peye $0,50 pa è pou estasyonnen oto l la nan mize a. Ki graf ki montre kòrèkteman relasyon ki genyen ant lè, *x*, oto Alisa a estasyonnen ak pri total li koute pou estasyonnen oto a, an dola, *y*?

A



C



B



D



■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

20 Nan chema ki anba a, $\overleftrightarrow{RS}$ entèsekte $\overleftrightarrow{TU}$ nan pwen V, e mezi $\angle RVU$ se 110°.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle x$?

A 20°

B 70°

C 110°

D 200°

21 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$\frac{3x^6 + 9x^4 - 6x^2}{3x^2}$$

A $x^4 + 3x^2 - 2$

B $x^4 + 6x^2 + 3$

C $x^3 + 3x^2 - 3x$

D $x^3 + 6x^2 + 3x$

Kontinye

■ **SECURE MATERIAL** ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

22 Yo montre echèl sou yon kat woutyè pi ba a.

ECHÈL
1 cm = 75 mi

Sam mezire distans sou kat la ant Rockland ak Newbury a 5 santimèt. Ki vrè distans ant Rockland ak Newbury, an mil?

A 15

B 80

C 375

D 575

23 Nan chema ki anba a, dwat *e* ak dwat *f* paralèl, epi dwat *r* se yon dwat sekant.



[pa trase selon echèl la]

Ki total mezi ∠1 ak ∠2?

A 100°

B 160°

C 180°

D 200°

■ SECURE MATERIAL ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

24 Nan chema ki anba a, ki mezi $\angle x$?



[pa trase selon echèl la]

A 15°

B 75°

C 105°

D 165°

25 Echèl sou yon kat nan vil kote Audrey rete a endike ke 1 santimèt ekivalan a 30 mil. Sou kat sa a, distans ant Davenport ak Vansburg se 12 santimèt. Ki vrè distans ant Davenport ak Vansburg?

A 90 mil

B 180 mil

C 360 mil

D 720 mil

Kontinye

■ **SECURE MATERIAL** ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

26 Nan rektang ki anba a, ki ang ki se **ang dwa** triyang rektang lan?



[pa trase selon echèl la]

A ∠BCD

B ∠AED

C ∠CDA

D ∠FAD

27 Ki longè kote *x* nan triyang ki anba a?



[pa trase selon echèl la]

A 2 pous

B 8 pous

C 23 pous

D 32 pous

RETE LA

■ **SECURE MATERIAL** ■
Do not reproduce. Do not discuss contents until end of designated makeup schedule.

Ane 8
Egzamen Matematik
Liv 1
9–13 mas 2009

Grade 8
Mathematics Test
Book 1
March 9–13, 2009

The McGraw-Hill Companies